


BAB III

PADIKA PANALUNGTIKAN

3.1 Rarancang Panalungtikan

Pamarekan kualitatif digunakeun dina ieu panalungtikan kalawan ngagunakeun métode déskriptif. Pamarekan kualitatif ilahar disebut panalungtikan naturalistik, lantaran panalungtikan dilaksanakeun dina kondisi anu alamiah (Sugiyono, 2013, kc. 8). Métode déskriptif nyaéta panalungtikan anu diarahkeun pikeun méré fakta atawa kajadian sacara sistematis tur akurat ngeunaan populasi nu tangtu (Gainau, 2021, kc. 28). Métode déskriptif miboga fungsi pikeun ngadéskripsikeun sarta nalungtik objék-objék, peristiwa, jeung aktivitas sosial sacara alamiah (Moelong dina Aziz, 2021).

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan miboga fungsi pikeun ngadéskripsikeun tahapan kasopanan, pola tahapan kasopanan, jeung maksim kasopanan dina novel *Kasambet* karya Ahmad Bakri. Satuluyna disusun rarancang panalungtikan pikeun ngarojong pamarekan jeung métode panalungtikan. Ari rarancang panalungtikan nyaéta tahapan sistematis dina milampah panalungtikan ti nataharkeun panalungtikan nepi ka nyusun laporan dina wangun bagan. Rarancang panalungtikan dipidangkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1: Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Data Panalungtikan

Data anu ditalungtik mangrupa téks paguneman anu ngandung tahapan kasopanan, pola tahapan kasopanan, sarta sakumna maksim kasopanan. Tahapan kasopanan nyoko kana larapna basa sopan atawa hormat, anu diwengku ku (1) tahapan kasopanan murni jeung (2) tahapan kasopanan campuran. Pola tahapan kasopanan nyoko kana (1) sopan keur diri sorangan, (2) sopan keur batur sahandapeun, (3) sopan keur batur saluhureun, jeung (4) sopan keur batur satata. Ari maksim kasopanan nyoko kana (1) maksim kawijaksanaan, (2) maksim katumarima, (3) maksim pangcocog, (4) maksim kasimpati, (5) maksim balabah, jeung (6) maksim handap asor. Conto data paguneman ébréh ieu di handap.

(01) Ema Uti: “*Lah teuing... kuma ieu ari geus kieu, Éri?*”

Mang Éri: “*Pan cék kuring gé kasambet, Aceuk.*”


Paguneman (01) mangrupa conto paguneman nu nyampak dina novel *Kasambet* karya Ahmad Bakri. Hubungan antara panyatur jeung pamiarsa dina éta paguneman mangrupa tatangga anu keur silih tulungan. Kecap *aceuk* nuduhkeun yén panyatur leuwih kolot tibatan pamiarsa.

3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data anu dipilih pikeun nyumponan kabutuhan data panalungtikan mangrupa novel. Novel minangka ébréhan imajinasi panulis anu dilarapkeun dina basa anu dipaké, boh dina wangun déskripsi, boh dina wangun paguneman antar tokohna (Lutfiana & Utomo, 2022). Eusi carita dina novel patali jeung gambaran kahirupan masarakat dumasar kana ébréhan rasa jeung imajinasi pangarangna.

Novel nu dijadikeun sumber data nyaéta novel *Kasambet* karya Ahmad Bakri nu medal taun 2014 tur dipublikasikeun ku Kiblat Buku Utama. Ieu novel kandelna 68 kaca. Ukuranana nyaéta lébar 14 cm panjang 21 cm. Pangarang ieu novel nyaéta

Ahmad Bakri nyieun carita nu ngandung unsur atikan sarta tungtunan ngeunaan tatakrama urang Sunda. Upamana dina ngahormat ka saluhureun, mikanyaah ka sahandapeun jeung nu sangsara, sarta hirup sauyunan jeung babaturan.



Gambar 3.1: Novel *Kasambet* Karya Ahmad Bakri

Novel *Kasambet* karya Ahmad Bakri eusina mangrupa réalita sosial tokoh Jang Udin jeung sobat-sobatna. Ieu novel kaasup kana kategori buku bacaan barudak anu kungsi dilélér hadiah Samsodi taun 2015. Ieu novel diwengku ku salapan épisode di antarana: *Kasambet* (KSB), *Budak Yatim* (BY), *Lebaran* (LBR), *Mulan* (MLN), *Jalir* (JLR), *Si Oji Ragrag* (SOR), *Nu Jajaluk* (NJ), *Si Asdi Diculik* (SAD), jeung *Ma Awit Gering* (MAG).

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa padika, tarékah, atawa prak-prakan anu dilakukeun pikeun maluruh data anu nyoko kana sawatara média anu satuluyna dikumpulkeun pikeun meunangkeun informasi anu dibutuhkeun minangka ngahontal udagan panalungtikan (Gainau, 2021, kc. 105).

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ulikan pustaka minangka téhnik ngumpulkeun data. Téhnik ulikan pustaka dina ieu panalungtikan miboga fungsi

pikeun ngumpulkeun data omongan nu ngandung tahapan kasopanan tina wangun paguneman dina novel *Kasambet* karya Ahmad Bakri.

Ari léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- Nangtukeun sumber data pikeun ieu panalungtikan, nyaéta novel *Kasambet* karya Ahmad Bakri.
- Maca buku novel *Kasambet* karya Ahmad Bakri.
- Nyirian data paguneman anu ngandung tahapan kasopanan.
- Nyalin data paguneman anu ngandung tahapan kasopanan.
- Ngaruntuykeun data paguneman dumasar carita ti mimiti nepi ka ahir sarta méré nomer kode data.

3.4 Pakakas Panalungtikan

Pakakas panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun dina ngumpulkeun data (Gainau, 2021, kc. 105). Kartu data digital digunakeun minangka pakakas panalungtikan. Kartu data digital ngawengku tilu wawaran anu mangrupa (a) data paguneman, (b) idéntitas sumber data, jeung (c) unsur analisis data. Data paguneman diwewegan ku kode anu ngécéskeun judul carita, kaca novel, sarta nomer padalisan pikeun nangtukeun wates awal jeung ahir paguneman. Conto kartu data dina ieu panalungtikan saperti ieu.

3.4.1 Kartu Data Digital

Kartu data digital nu dipilih nyaéta pikeun nuliskeun omongan nu wangunna paguneman. Kartu data digital dipidangkeun dina tabél 3.1.

Tabél 3.1 Data Omongan dina Wangun Paguneman

Nomer Data	Data Paguneman	Kode Data
P.000	(Cutatan Kalimah)	(Jc./Kc./Pd.)

Keterangan:

P = Paguneman

Kc. = Kaca

Jc. = Judul épisode carita

Pd. = Padalisan

Salma Atsriya Setiani, 2025

TAHAPAN KASOPANAN DINA NOVEL KASAMBET KARYA AHMAD BAKRI (Ulukan Pragmatik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4.2 Papasingan Data Tahapan Kasopanan

Data omongan nu ngandung tahapan kasopanan dina wangun paguneman novel *Kasambet* karya Ahmad Bakri dipidangkeun dina tabél. 3.2.

Tabél 3.2 Data Paguneman nu Ngandung Tahapan Kasopanan

No.	Nomer Data	Data	Kode Data	Tahapan Kasopanan	
				M	C
01.	P.019a	Jang Udin: “Tadi téh da hoyongeun dahar. Urang mandi cenah ambéh seger!”	(KSB/12/1)		✓
02.	P.023a	Madhadi: “Tah geuning Abah sumping.”	(KSB/13/7)	✓	

Keterangan:

P.019a = Data paguneman nomer 019a P.023a = Data paguneman nomer 023a
 KSB = Judul épisode carita 13 = Kaca ka-13
 12 = Kaca ka-12 7 = Padalisan ka-7
 1 = Padalisan ka-1 M = Murni
 C = Campuran

3.4.3 Papasingan Data Pola Tahapan Kasopanan

Data omongan nu ngandung pola tahapan kasopanan dina wangun paguneman novel *Kasambet* karya Ahmad Bakri dipidangkeun dina tabél 3.3.

Tabél 3.3 Data Paguneman nu Ngandung Pola Tahapan Kasopanan Murni

No.	Nomer Data	Data	Kode Data	Pola Tahapan Kasopanan Murni			
				SkDS	SkBH	SkBL	SkBT
01.	P.023a	Madhadi: “Tah geuning Abah sumping.”	(KSB/13/7)			✓	

Keterangan:

SkDS = Sopan keur Diri Sorangan
 SkBH = Sopan keur Batur Sahandapeun
 SkBL = Sopan keur Batur Saluhureun
 SkBT = Sopan keur Batur Satata

**Tabél 3.4 Data Paguneman nu Ngandung
Pola Tahapan Kasopanan Campuran**

No.	No. Data	Data	Kode Data	Pola Tahapan Kasopanan Campuran				
				CSDS	CSHS	CSLS	CSTS	CSN
01.	P.019a	Jang Udin: “Tadi téh da <i>hoyongeun</i> <i>dahar</i> . Urang <i>mandi</i> cenah <i>ambéh</i> seger!”	(KSB/12/1)			✓		

Keterangan:

CSDS = Campuran Sopan keur Diri Sorangan jeung Sedeng

CSHS = Campuran Sopan keur Sahandapeun jeung Sedeng

CSLS = Campuran Sopan keur Saluhureun jeung Sedeng

CSTS = Campuran Sopan keur Satata jeung Sedeng

CSN = Campuran Sopan jeung Nétral

3.4.4 Papasingan Data Maksim Kasopanan

Data omongan nu ngandung maksim kasopanan dina wangun paguneman novel *Kasambet* karya Ahmad Bakri digambarkeun dina tabél 3.4.

Tabél 3.5 Data Paguneman nu Ngandung Maksim Kasopanan

No.	Nomer Data	Data	Klasifikasi Maksim					
			KW	KT	PC	KS	BL	HA
01.	P.019a	Jang Udin: “Tadi téh da <i>hoyongeun</i> <i>dahar</i> . Urang <i>mandi</i> cenah <i>ambéh</i> seger!”			✓			
02.	P.023a	Madhadi: “Tah geuning Abah <i>sumping</i> .”	✓					

Keterangan:

KW = Kawijaksanaan

KT = Katumarima

PC = Pangcocog

KS = Kasimpati

BL = Balabah

HA = Handap Asor

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data anu digunakeun mangrupa téhnik analisis unsur langsung. Unsur-unsur nu dianalisisna nyaéta wacana paguneman-paguneman dina novel *Kasambet* karya Ahmad Bakri. Ari tahapan anu dipilampah dina nganalisis data saperti ieu.

- a. Mariksa ulang kartu data digital anu wangun data omongan.
- b. Nyusun klasifikasi data omongan anu nyoko kana (1) tahapan kasopanan, (2) pola tahapan kasopanan, jeung (3) maksim kasopanan.
- c. Nganalisis data omongan dumasar kana (1) tahapan kasopanan, (2) pola tahapan kasopanan, jeung (3) maksim kasopanan.
- d. Ngadéskripsikeun data omongan dumasar kana (1) tahapan kasopanan, (2) pola tahapan kasopanan, jeung (3) maksim kasopanan.
- e. Napsirkeun omongan jeung nyieun kacindekan.